

BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3.1 Wangenan Operasional

Aya sababaraha istilah anu perlu diécéskeun patali jeung ieu panalungtikan, nya éta kalimah, kalimah wawaran jembar, jeung novel.

- 1) Kalimah nya éta wangun katatabasaan nu mangrupa kecap atawa runtuyan kecap nu puguh adeganana pikeun ngébréhkeun pikiran kalawan gembleng, diwatesan ku ayana randegan panjang anu dibarengan ku intonasi turun naék tur relatif bisa mandeg mandiri.
- 2) Kalimah wawaran jembar nya éta kalimah anu eusina ngawawarkeun, nerangkeun, méré informasi ka nu lian, anu unsur fungsionalna diwangun ku hiji jejer jeung hiji caritana minangka galeuh kalimah, ditambah katerangan minangka panambahna, boh dibarengan objék jeung panglengkep boh henteu.
- 3) Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratip (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plot na kompléks (ngarancabang). Ku lantaran kitu wandana, novel mah bisa midangkeun rupa-rupa palaku, ngasupkeun rupa-rupa kajadian, laluasa ngadéskripsikeun latar, jeung laluasa ngahirupkeun karakterisasi.

3.2 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.2.1. Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Naha bet ngagunakeun méthode déskriptif, lantaran bakal nganalisis data. Data nu baris didéskripsikeun nya éta kalimah wawaran jembar anu ditilik tina katégori, adegan jeung harti.

3.2.2. Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi atawa analisis téks. Lantaran data panalungtikan téh mangrupa data anu tinulis, nya éta buku novel *Pangantén* karya Déden Abdul Aziz.

Hal diluhur dumasar kana pamadegan Arikunto (1997:149) nu nétélakeun yén téhnik dokuméntasi nya éta téhnik panalungtikan anu datana tinulis, upamana catetan, transkrip, buku jeung sajabana.

3.3 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta novel *Pangantén* karangan Déden Abdul Aziz. Data anu ditalungtik ditangtukeun dumasar sababaraha tinimbang, diantarana nya éta: (1) dumasar hasil studi “pendahuluan” kalimah wawaran jembar nu aya dina sumber data panalungtikan ngabogaan ciri-ciri atawa sipat nu sarua, (2) kalimah wawaran jembar dina novel nu dijadikeun sumber data geus ngawakilan populasi, (3) kalimah wawaran jembar dina novel nu dijadikeun sumber data ngabogaan kautamaan nu tangtu, saperti dina lebah frékuénsina

muncul wangun kalimah nu arang tina frékuénsi munculna kalimah-kalimah wawaran jembar anu sarua atawa homogén.

Ieu novel téh di terbitkeun ku Girimukti, taun 2003, di Bandung. Ukuran bukuna 17,5 x 12 cm, kandelna aya 107 kaca, diwangun ku opat episode. Eusina nyaritakeun krisis jiwa nu karandapan ku kaom rumaja nu patali jeung jodo, pati, bagja, reujeung cilaka. Dina ieu carita urang tepung jeung Rinrin minangka tokoh utamana. Kabogohna, anu ngaranna Iyang alias Gumilang, maot nelasan manéh sanggeus nyebutkeun hayang kawin teuing ka saha. Leungiteun ku Iyang, terus layout jeung Bén, tapi teu lana. Terus dalit jeung Suminar anu pada-pada resep ngalangeu bari nyingkur, dalah terus jadi lésbian. Tapi Suminar alias Lisa Kudrow gé maot deuih sanggeus nyebutkeun hayang kawin. Dina pamustunganana Rinrin gé hayang kawin teuing ka saha jeung duka ku naon. Nu sidik, sanggeus Rinrin nelasan manéh tepi ka hanteuna, manéhna ngarasa geus laksana papanganténan.

Ku naon pangna sumber data panalungtikan nu dipilih téh novel *Pangantén*, lantaran lian ti dina ieu buku kapanggih rupa-rupa kalimah wawaran jembar, (1) basa nu dipakéna kaharti, (2) téma dina carita ieu buku luyu jeung kahirupan masarakat jaman kiwari.

3.4 Instrumen Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun kartu data. Cara ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ku jalan nyalin terus mindahkeun sakabéh kalimah wawaran jembar anu

3.5 Padika Ngumpulkeun Data

Pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan digunakeun ulikan pustaka, nu léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Nangtukeun novel nu rék dijadikeun media pikeun nalungtik kalimah wawaran jembar.
- 2) Nyirian kalimah wawaran jembar nu kapanggih.
- 3) Nyalin kalimah wawaran jembar kana kartu data.
- 4) Nganomeran atawa ngodeuan kartu data.

3.6 Padika Ngolah Data

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna téh nya éta:

- 1) Ngadaftarkeun jeung nganomeran data kalimah wawaran jembar.
- 2) Nyieun papasingan kalimah wawaran jembar dumasar kana wangun, katégori, adegan jeung harti.
- 3) Ngitung jumlah kalimah wawaran jembar anu kapanggih dina objék panalungtikan.
- 4) Ngitung perséntase papasingan kalimah wawaran jembar.
- 5) Ngadéskripsikeun kalimah wawaran jembar dumasar wangun, katégori, adegan jeung harti.

